

Resous

Biwo Defans ak Biwo Estrateji Ekite

Si w gen yon pwoblèm nan fanmi dakèy la oswa sistèm jistis pou minè a akòz oryantasyon seksyèl ou, idantite seksyèl ou, oswa ekspresyon seksyèl ou, kontakte nou.

www.nyc.gov/acs/LGBTQ (212) 676-9421

Sant Ali Forney

Òganizasyon ki pi gwo ak pi konplè nasyon an ki dedye pou bay sipò ak sèvis pou jèn LGBT ki pa gen kote pou yo rete, ki gen 16 jiska 24 lane, pou pèmèt yo kite lari a epi pou yo kòmanse viv yon vi ki nòmal epi ki endepandan.

www.aliforneycenter.org (212) 206-0574

Sant kominotè Lesbyèn, Omoseksyèl, Biseksyèl ak Transjan (The Lesbian, Gay, Bisexual, and Transgender Community Center) – Pwogram Center Youth/YES

Dezyèm pi gwo sant kominotè LGBT nan mond lan bay yon seri pwogram konplè pou sipò, edikasyon, atizay ak lidèchip pou jèn LGBTQ ak alye ki laj 13 jiska 21 lane atravè pwogram Center Youth/YES.

www.gaycenter.org (212) 620-7310

The Door

Ofri jèn moun ki gen 12 jiska 21 lane pwogram edikasyon, sante, nitrisyon ak konsèy, ansanm ak sèvis jiridik konplè.

www.door.org (212) 941-9090

Sensibilisation Sante pou Adolesan (Health Outreach to Teens, HOTT) – Callen-Lorde Community Health Center

Swen/konsèy medikal ak sante mantal gratis oswa ki pa koute chè, san wete egzamen fizik, egzamen jinekolojik, tretman STD/VIH ak tès pou LGBTQ ak jèn ki pa gen kote pou yo rete epi ki gen 13 jiska 24 lane. Terapi òmòn disponib pou jèn ki gen 18 jiska 24 lane.

www.callen-lorde.org (212) 271-7200

Hetrick-Martin Institute/Harvey Milk High School

Depatman Sèvis Sipò (Supportive Services Department) bay konsèy pou gwoup, fanmi ak konsèy endividyèl pou jèn LGBT ak fanmi yo. Epitou li ofri pou l bay èd nan zafè pwogram apre lekòl, plasman nan estaj, èd pou GED, konsèy nan men moun ki te pase menm etap la, gadmanje ak rad.

www.hmi.org (212) 674-2400

The Trevor Project - Trevor Lifeline

Yon liy dirèk gratis ak konfidansyèl ki mete disponib konsèy ki fòme epi ki disponib ak ekipe pou sipòte jèn LGBTQ ki nan pwoblèm, ki santi yo vle touye tèt yo, oswa ki bezwen yon kote ki an sekirite ak yon kote yo p ap jije yo pou yo pale 24 sou 24, 7 jou sou 7.

www.thetrevorproject.org/lifelinechat
(866) 488-7386

KONNEN DWA OU GENYEN

Jèn LGBTQ yo nan Fanmi Dakèy ak Sistèm Jistis pou Minè



PouSwen yo, Ou Gen Dwa pou Gen sa ki annapre a...

1. Yon kay/rezidans ki afime ki trete w ak respè epi ki reponn ak bezwen w yo.
2. Ou dwe jwenn menm tretman ak tout lòt moun, epi ou pa dwe sibi diskriminasyon (si yo trete w yon fason ki enjis oswa yon fason diferan) akòz oryantasyon seksyèl ou, idantite seksyèl ou ak/oswa ekspresyon seksyèl ou.
3. Pale oswa pa pale sou koze ou se yon lesbyèn, omoseksyèl, biseksyèl, transjan ak/oswa poze fanmi w/pwofesyonèl swen sante w la kesyon.
4. Mande pou yo rele w nan yon non ak pwonon sèks (li (gason), li (fi), elatriye) ki koresponn ak sèks ou santi ou ye a.
5. Eksprime sèks ou nan yon fason ki koresponn ak sèks ou santi ou ye a.
6. Mete rad ak penyen cheve ou yon fason pou l koresponn ak sèks ou santi ou ye a.
7. Kapab ale wè pwofesyonèl swen sante ak sante mantal ki pa reprezante yon danje pou jèn LGBTQ yo, epi jwenn aksè nan pwogram/sèvis ki respekte sèks ou santi ou ye a.
8. Mande rete nan yon rezidans ak lòt jèn ki se sèks ou santi ou ye a.
9. Jwenn enfòmasyon sou pwoblèm, gwoup, ak sit entènèt LGBTQ sou òdinatè ki disponib.
10. Patisipe nan tout aktivite ki ouvri pou ou, epi aktivite ou enterese patisipe ladan yo.
11. Vini ak patnè ki gen menm sèks ak ou nan evènman kote yo mennaj yo.

12. Rete veyatif pou konn lè gen Konferans Ekip Familayl yo pou yo ka ba w opòtinite pou w patisipe aktivman nan planifikasyon dosye w la.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan dwa w yo, ale sou: www.nyc.gov/acs/LGBTQ

Founisè yo Gen Responsablite Pou yo...

1. Kreye yon anviwònman kote ki gen respè epi ki reponn ak bezwen espesifik ou yo.
2. Pwoteje w kont diskriminasyon ak tretman enjis, akòz oryantasyon seksyèl ou (lè w se yon lesbyèn, omoseksyèl, biseksyèl, oswa etewo), idantite seksyèl (lè w se yon transjan oswa lè w pa yon transjan), ak/oswa ekspresyon seksyèl (lè w se yon fanm, gason, oswa andwojin).
3. Anpeche anplwaye yo konvenk ou pou rejte oswa chanje oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ak/oswa ekspresyon seksyèl ou.
4. Pa di pèsonn oryantasyon seksyèl ouwa idantite seksyèl ou san konsantman ou, sof si lalwa pa gen pwoblèm pou yo fè sa.
5. Respekte idantite seksyèl ou pandan y ap itilize non ak pwonon seksyèl ou pi pito.
6. Pale w sou rezidans ki baze sou idantite seksyèl ou olye sou sèks ou te genyen lè w te fèt la.
7. Fè w konnen ki kote pou w siyale nenpòt ensidan entimidasyon, asèlman, oswa diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl ouwa ekspresyon seksyèl ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan responsablite pwofesyonèl swen sante w la, ale sou: www.nyc.gov/acs/LGBTQ

Si W ap Sibi Tizonay, Asèlman oswa Diskriminasyon...

1. Pale! Siyale pwoblèm nan san pèdi tan bay moun LGBTQ founisè w la ou an kontak avèk li a.
2. Ekri dat ou te siyale chak ensidan, san wete moun ou te siyale yo bay la, ak ki mezi, si genyen, moun sa a te di li ta pran.
3. Ekri dat ou te siyale chak ensidan, san wete moun ou te siyale yo bay la, ak ki mezi, si genyen, moun sa a te di li ta pran.
4. Si pwoblèm nan poko rezoud, kontakte Biwo Defans lan nan (212) 676-9421 oswa Biwo Estraji pou Egalite a nan LGBTQ@acs.nyc.gov

Pou aprann plis sou fason pou pote yon plent epi rezoud pwoblèm nan, ale sou: www.nyc.gov/acs/LGBTQ

